



## Gid Referans pou Pwen Daksè Inik pou Timoun

Pwen Daksè Inik pou Timoun nan (Children's Single Point of Access, CSPOA) se yon sistèm referans pou timoun ak jèn ki gen twoub emosyonèl grav ki bezwen sèvis sante mantal. CSPOA mete timoun ak jèn yo an kontak ak resous ki pèmèt yo rete lakay yo oswa nan kominote yo a nenpòt lèsa posib. CPOA ka oryante moun ki gen mwens pase laj 22 lane yo nan plizyè sèvis kominotè. Apre yo resevwa yon referans, yon espesyalis CSPOA pral fè yon evalyasyon kote yo pral entèwoje fanmi an ak sous referans lan pou detèmine pwogram ki apwopriye pou timoun nan oswa jèn nan.

CSPOA aksepte referans pou pwogram sa yo:

### **Health Home Care Management (Jèn ki Gen Mwens Pase Laj 22 Lane)**

Health Home Care Management (Jesyon Swen Sante Adomisil) disponib pou timoun ak jèn ki gen mwens pase laj 22 lane, ki enskri nan Medicaid, epi ki bezwen yon nivo swen ki pi entansif akoz yo genyen alafwa:

- De oswa plizyè pwoblèm sante kwonik, tankou abi sibstans, opresyon oswa dyabèt
- Yon twoub emosyonèl grav ki kalifye ki se yon pwoblèm sante inik, twomatis konplèks, oswa VIH

Pwogram nan:

- Kowòdone bezwen swen sante fizik ak konpòtmantal timoun ak jèn
- Devlope yon plan swen konplè pou chèche konnen bezwen, objektif ak sèvis pou timoun ak jèn
- Refere timoun ak jèn yo bay sèvis ki itil yo
- Ede planifye ak jere randevou timoun ak jèn yo
- Ede sipòte fanmi yo pou yo konprann fason pou yo jere swen sante ak bezwen sosyal yo
- Detèmine elijibilite pou pwogram Children's Waiver Home and Community Based Services (Sèvis Egzonerasyon Adomisil ak Kominotè pou Timoun)

Yo ka fè referans pou Health Home Care Management lan tou nan yon [Health Home Serving Children\(Etablisman Sante ki Sèvi Timoun\) oswa yon ajans jesyon swen.](#)

**Pou fè yon referans bay Health Home Care Management, ou dwe soumèt:**

- Aplikasyon CSPOA Pati 1 an
- Fòm konsantman CSPOA a
- Nenpòt dokiman sipò adisyònèl (ochwa)

### **Non-Medicaid Care Coordination (Jèn ki Gen Mwens Pase Laj 22 Lane)**

Non-Medicaid Care Coordination (Kowòdinasyon Swen ki pa Lye ak Medicaid) disponib pou timoun ak jèn ki gen mwens pase laj 22 lane, ki pa enskri nan Medicaid, epi ke yo dyanostike ak yon twoub emosyonèl ki grav.

Pwogram nan:

- Asire ke timoun ak jèn yo ap resevwa sèvis sante ak sèvis sosyal yo bezwen yo
- Kowòdone swen sante fizik ak konpòtmantal pou timoun ak jèn
- Devlope ak jere plan swen pèsonalize
- Mete fanmi yo an kontak ak resous kominotè
- Ede planifye ak jere randevou timoun ak jèn yo

### **Pou fè yon referans nan Non-Medicaid Care Coordination, ou dwe soumèt:**

- Aplikasyon CSPOA Pati 1 an
- Fòm konsantman CSPOA a
- Nenpòt dokiman sipò adisyonèl (ochwa)

### **High Fidelity Wraparound (Laj 12 rive 20 lane)**

High Fidelity Wraparound (HFW) disponib pou timoun ak jèn ki gen laj 12 rive 20 lane k ap viv nan Bronx, Brooklyn, oswa Queens e ke yo dyagnostike ak yon twoub emosyonèl ki grav.

Pwogram sa a disponib pou timoun ak jèn kit yo enskri oswa kit yo pa enskri nan Medicaid.

Fanmi ki enskri nan HFW yo rankontre ak yon ekip ki gen ladann yon responsab ka, defansè pou fanmi ki viv menm sitiyasyon, ak defansè pou jèn ki viv menm sitiyasyon.

Pwogram nan:

- Devlope avèk timoun ak jèn yo epi fanmi yo yon plan familyal ki ankouraje otonomi
- Ede timoun ak jèn yo ak fanmi yo priyorize ak satisfè bezwen sante konpòtmantal yo genyen yo
- Amelyore kapasite timoun ak jèn yo genyen pou yo jere pwòp sèvis pa yo
- Devlope ak ranfòse sistèm sipò sosyal natirèl pou timoun ak jèn yo

### **Pou fè yon referans nan HFW, ou dwe soumèt:**

- Aplikasyon CSPOA Pati 1 an
- Fòm konsantman CSPOA a
- Dokiman ki konfime ke dyagnotik twoub emosyonèl grav timoun nan oswa jèn nan (tankou fòm evalyasyon sikuatrik, sikososyal oswa sikolojik oswa yon fòm atestasyon pou twoub emosyonèl grav)
- Nenpòt dokiman sipò adisyonèl (ochwa)

### **Youth Assertive Community Treatment (Laj 10 rive 20 lane)**

Youth Assertive Community Treatment (Tretman Kominotè Afimatif pou Jèn, Youth ACT) disponib pou timoun ak jèn ki gen laj 10 rive 20 lane ke yo dyagnostike ak yon twoub emosyonèl ki grav e ki gen bezwen adisyonèl pèmanan nan zafè sèvis wo nivo. Pwogram sa a disponib pou timoun ak jèn kit yo enskri oswa kit yo pa enskri nan Medicaid. Youth ACT founi yon ekip pwofesyonèl konplè pou bay sèvis konplè, wotman kowòdone, ak pèsonalize ak sèvis terapeutik kalifye pou pèmèt timoun ak jèn yo rete lakay yo, nan lekòl yo ak nan kominate yo.

Pwogram nan:

- Gen ladann yon ekip ki genyen yon espesyalis pou sipò klinik, yon enfimyè pratikan nan domèn sikiyatri, yon asistan pwogram nan, yon espesyalis pou sipò klinik, yo dirijan ekip, pwofesyonèl swen sante mantal ki gen lisans ak defansè pou fanmi ki viv menm sitiyasyon
- Founi sèvis sa yo:
  - Jesyon ka
  - Evalyasyon
  - Terapi
  - Siko-edikasyon
  - Entèvansyon nan ka kriz
  - Jesyon medikaman
  - Sèvis sipò pou moun ki viv menm sitiyasyon
  - Sèvis vokasyonèl ak edikatif

**Pou fè yon referans nan Youth ACT, ou dwe soumèt:**

- Aplikasyon CSPOA Pati 1 ak 2 yo
- Fòm konsantman CSPOA a
- Dokiman ki konfime ke dyagnotik twoub emosyonèl grav timoun nan oswa jèn nan (tankou fòm evalyasyon sikiyatrik, sikosyal oswa sikolojik oswa yon fòm atestasyon pou twoub emosyonèl grav)
- Nenpòt dokiman sipò adisyonèl (ochwa)

### **Community Residence (Laj 8 rive 17 lane)**

Community Residences (Rezidans Kominotè, CR) yo se ti gwoup etablisman terapeutik ki gen lisans Biwo Sante Mantal Eta New York la e ki sèvi timoun ak jèn ki gen laj 8 rive 17 lane. CR yo sèvi jiska wit timoun ak jèn k ap viv ak e ki sou sipèvizon estaf ki fòme espesyalman pou sa. Yo asiyen timoun ak jèn yo yon CR ki pi pre lakay yo ke posib. Pwogram sante mantal yo founi sèvis klinik yo andeyò CR la. Genyen 10 CR nan Vil New York.

Pwogram nan:

- Founi aktivite estriktire pou lavi kotidyen
- Bay fòmasyon sou konpetans pou rezoud pwoblèm
- Fè travay familyal

**Pou fè yon referans nan CR la, ou dwe soumèt:**

- Aplikasyon CSPOA Pati 1 ak 2 yo
- Fòm konsantman CSPOA a
- Yon evalyasyon sikiyatrik (ki gen dat ane ki sot pase a ladan, ak yon mizajou 90 jou)
- Yon evalyasyon sikososyal (ki gen dat ane ki sot pase a ladan)
- Yon egzamen fizik (ki gen dat ane ki sot pase a ladan)
- Yon plan Pwogram Edikasyon Pèsonalize (Individualized Education Program, IEP) (si gen youn ki anplas)
- Yon evalyasyon sikososyal (si timoun nan oswa jèn nan gen yon plan IEP)

**Refocus Community Residence (Laj 14 rive 20 lane)**

Refocus Community Residence (Rezidans Kominotè Refocus) la ki lokalize nan Queens, se yon ti gwoup etablisman terapeutik, ki gen lisans Biwo Sante Mantal Eta New York la, ki sèvi timoun ak jèn ki gen laj 14 rive 20 lane.

Pwogram nan:

- Mete aksan sou prepare adolesan ki pi gran yo pou yon vi endepandan ki reyisi
- Bay kou pou konpetans lavi
- Founi gwoup defans pou moun ki viv menm sitiyasyon
- Ede rekonekte ak manm fanmi yo
- Ede devlope yon rezo sipò enfòmèl ki gen ladann adilt ak moun ki viv menm sitiyasyon

**Pou fè yon referans nan Refocus Community Residence lan, ou dwe soumèt:**

- Aplikasyon CSPOA Pati 1 ak 2 yo
- Fòm konsantman CSPOA a
- Yon evalyasyon sikiyatrik (ki gen dat ane ki sot pase a ladan, ak yon mizajou 90 jou)
- Yon evalyasyon sikososyal (ki gen dat ane ki sot pase a ladan)
- Yon egzamen fizik (ki gen dat ane ki sot pase a ladan)
- Yon plan Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) (si gen youn ki anplas)
- Yon evalyasyon sikososyal (si timoun nan oswa jèn nan gen yon plan IEP)

**Etablisman Tretman Rezidansyèl (Laj 5 rive 20 lane)**

Yon Etablisman Tretman Rezidansyèl (Residential Treatment Facility, RTF) se yon etablisman sikiyatri rezidansyèl ki bay sèvis tretman sante mantal konplè pou timoun ak jèn ki gen laj 5 rive 20 lane ki bezwen tretman alontèm (plis pase 180 jou) nan yon etablisman rezidansyèl. RTF yo se etablisman terapeutik otonòm.

Pwogram nan gen ladann:

- Lekòl
- Opòtinite Iwazi
- Fòmasyon pwofesyonèl
- Sèvis medikal ak sèvis sante mantal

Yo anvizaje RTF yo sèlman apre yo eseye opsyon kominotè yo. CSPOA resevwa referans pou RTF yo e li detèminen si referans yo konplete. Yon fwa yo konfime ke referans lan konplete, CSPOA voye referans lan bay Biwo Sante Mantal Eta New York la, ki apresa detèmine si timoun nan oswa jèn nan elijib pou sèvis la.

**Pou fè yon referans nan RTF, ou dwe soumèt:**

- Aplikasyon CSPOA Pati 1 ak 2 yo
- Fòm konsantman CSPOA a
- Fòm konsantman Biwo Sante Mantal Eta New York pou revizyon otorizasyon RTF (ke yon responsab legal siyen)
- Demann Eta New York konsènan detèminasyon andikap nan anfans nan kad Medicaid (ke yon responsab legal siyen)
- Yon evalyasyon sikuatrik (ki gen dat ane ki sot pase a ladan, ak yon mizajou 90 jou)
- Yon evalyasyon sikososyal (ki gen dat ane ki sot pase a ladan)
- Yon egzamen fizik (ki gen dat ane ki sot pase a ladan)
- Yon plan Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) (si gen youn ki anplas)
- Yon evalyasyon sikolojik (ki gen dat twa dènye ane yo ladan)

Pou fè yon referans nan CSPOA, soumèt dokiman ki nesesè pou pwogram nan ak tip sèvis la swa pa:

- Imèl: [cspoa@health.nyc.gov](mailto:cspoa@health.nyc.gov)
- Faks: 347-396-8849

Pou plis enfòmasyon sou CSPOA oswa sou pwosesis referans lan, rele 347-396-7205 oswa vizite [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche [CSPOA](#).

3.25 Haitian Creole